Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 383 MILYON DOLA POU MIZAJOU TEKNOLOJIK NAN LEKÒL VIL NEW YORK YO

Finansman an pral sèvi pou agrandi epi mete ajou koneksyon wo debi avèk ak san fil la ak lòt teknoloji nan saldeklas yo

Komite Revizyon Lekòl Entelijan Apwouve 57 Plan Adisyonèl pou Envestisman nan Lekòl Entelijan nan Tout Eta a ki Totalize 32.9 Milyon Dola

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse apwobasyon 58 Plan Envestisman pou Lekòl Entelijan (Smart Schools Investment Plans), sa gen ladan 383 milyon dola pou wo debi ak lòt mizajou teknonolojik nan lekòl Vil New York yo. Finansman an fè pati Lwa sou Angajman pou Lekòl Entelijan (Smart Schools Bond Act) ki gen 2 milya dola - yon gwo inisyativ ki gen objektif pou li re-imajine anseyman ak aprantisaj pou 21yèm syèk la. Lwa a, ki te toudabò yon pwopozisyon Gouvènè a epi ki te jwenn apwobasyon gran majorite elektè yo dapre mezi bilten vòt 2014 yo, ap ede lekòl yo ekipe elèv yo ak konpetans yo bezwen pou pwospere epi reyisi nan ekonomi mondyal la.

“Gras a Lwa sou Angajman pou Lekòl Entelijan an, n ap mennen tout saldeklas yo nan 21yèm syèk la nan ekipe yo avèk teknoloji wo debi modèn ak lòt teknoloji epi an menm tan n ap jete obstak inegalite yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede garanti chak timoun nan New York gen zouti li bezwen yo pou li konpetitif nan ekonomi fiti a.”

“Nan ekonomi jodi a, li esansyèl pou elèv yo gen aksè a dènye teknoloji ki genyen pou pare yo pou reyisit nan lavni”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Inisyativ Lekòl Entelijan an ap transfòme saldeklas yo toupatou nan New York epi l ap ofri nouvo okazyon aprann. Dènye envestisman sa a pou lekòl yo nan Vil New York konsantre sou gwo mizajou pou garanti timoun nou yo kapab pwospere kèlkeswa katye kote yo rete a.”

Nan onzyèm rankont li an jodi a, Komite Revizyon Lekòl Entelijan an (Smart Schools Review Board) te apwouve plan envestisman Distrik Eskolè Vil New York la (New York City School District), 50 lòt distrik eskolè ak sis lekòl ansèyman espesyal te soumèt.

Yon rezime plan yo apwouve jodi a disponib isit la.

Plan envestisman 383 milyon dola Vil New York la, ki jwenn apwobasyon jodi a, prevwa nan bidjè li 250 milyon dola pou agrandi epi mete ajou rezo nimerik lekòl yo pou garanti koneksyon wo debi avèk ak san fil konstan. Yo pral mete ajou ekipman enfrastrikti rezo a - sa gen ladan sèvè, pwen aksè san fil, manèt san fil, woutè, switch ak kab. Envestisman sa a, ansanm avèk lòt evestisman ki te fèt deja, pral pèmèt tout bilding lekòl yo nan Vil New York gen aksè a vitès wo debi omwen 100 Mbps pou chak 1,000 elèv.

Plan teknoloji yo apwouve pou Vil New York la prevwa yon bidjè 133 milyon dola tou pou acha aparèy teknolojik ki pral sèvi andedan saldeklas la, tankou paregzanp laptòp, òdinatè biwo, tablèt, charyo chajman, ak zouti pou entegre aparèy yo nan rezo a. Pwogram Lekòl Entelijan an pral mete aksan espesyalman sou garanti mizajou yo nan lekòl ki an difikilte epi ki toujou an difikilte yo, sou agrandi pwogram aprantisaj miks yo, epi sou mete sou pye inisyativ Syans Enfòmatik pou Tout Moun nan (Computer Science for All).

Envestisman yo apwouve jodi a fè pati alokasyon total Vil New York la nan kad Lwa sou Angajman pou Lekòl Entelijan an ki se 783 milyon dola. An Septanm, Komite Revizyon Lekòl Entelijan an te apwouve plan envestisman Vil la pou sèvi avèk 400 milyon dola nan alokasyon li an pou retire inite saldeklas pòtab yo epi kontwi saldeklas pre-kindègadenn.

Nan rankont jodi a, Komite Revizyon Lekòl Entelijan an te apwouve 57 lòt plan ki soti nan distrik eskolè yo ak lekòl ansèyman espesyal yo toupatou nan eta a. Sa gen ladan 34 plan ki soutni 16 milyon dola nan pwojè sekirite wot teknoloji, 24 plan ki envesti 8 milyon dola nan teknoloji saldeklas toupatou nan eta a, 22 plan ki pral soutni 7 milyon dola acha pou koneksyon nan lekòl yo, ak yon plan pou depanse 1.5 milyon dola pou espas saldeklas pre-kindègadenn.

Plan Komite Revizyon Lekòl Entelijan yo te apwouve jiskaprezan totalize prèske 1.3 milya dola, pou soutni distrik eskolè yo nan chak rejyon nan Eta a.

Direktè Bidjè Eta a Robert F. Mujica te deklare, “Poutèt yo garanti koneksyon ak teknoloji modèn, plan yo apwouve yo jodi a pral transfòme saldeklas yo an sant aprantisaj modèn k ap pare elèv yo pou reyisit kèlkeswa zip kòd yo. Sa ki gen yon enpòtans kapital, pwogram Lekòl Entelijan an ap pwopoze solisyon sekirite wot teknoloji tou pou ede garanti sekirite elèv yo, nan tout eta a”.

Komisè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) MaryEllen Elia te deklare, “Finansman sa a esansyèl pou tout eta a pandan distrik yo ap travay pou mete ajou enfrastrikti ak koneksyon wo debi a pou garanti timoun nou yo kapab kenbe ritm lan avèk yon mond k ap evolye rapidman. Nou kontinye ap travay pou senplifye pwosesis la pou lekòl yo kapab mete plan yo pou finansman trè enpòtan sa a annaksyon pou elèv yo. Apwobasyon jodi a vle di Vil New York ak plis pase 50 lòt distrik eskolè ak Lekòl Ansèyman Espesyal kapab vanse nan mizajou yo pou pi bon teknoloji ak enfrastrikti edikatif, ak mizajou sekirite wot teknoloji tankou paregzanp siveyans sou videyo ak sistèm avètisman nan ka ijans”.

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Finansman Lwa sou Angajman pou Lekòl Entelijan jodi a, sitou envestisman 383 milyon dola a pou plan teknoloji Vil New York la, se prèv angajman san rete Gouvènè Cuomo a nan amelyore aprantisaj epi kreye opòtinite pou elèv yo toupatou nan Eta New York. Teknoloji pral kontinye modle avni nou. Lè nou ofri saldeklas yo ak pwofesè yo dènye teknoloji ak resous yo, n ap pare elèv nou yo pou yo eksele akademikman ak pwofesyonèlman”.

An 2014, Gouvènè Cuomo te mande Eta New York pou li envesti 2 milya dola nan lekòl li yo atravè Lwa sou Angajman pou Lekòl Entelijan yo – ki se yon inisyativ ki ta pral finanse teknoloji edikatif ak enfrastrikti, k ap bay elèv yo aksè a teknoloji ki pi modèn, ak koneksyon ke yo bezwen pou kapab reyisi epi rivalize nan ekonomi 21yèm syèk lan. Nouyòkè yo te dakò epi vote pou Lwa sou Angajman pou Lekòl Entelijan yo nan mwa Novanm sa a.

Swit ak pwopozisyon Lwa Obligasyon sa, Gouvènè Cuomo te etabli Komisyon Lekòl Entèlijan an (Smart Schools Commission) pou rasanble enfòmasyon sou estrateji sou kòman lekòl yo ka envesti finansman sa yo yon fason ki pi efikas. Komisyon konsiltatif sa te pwodwi yon rapò final ki te rekòmande pou yo met atansyon sou devlopman band laj ki solid ak koneksyon san fil, epi itilize teknoloji transfòmatif yo. Plan sa yo ki te apwouve jodi a pa Komite Revizyon Lekòl Entelijan yo te reflete anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU